


EMA POU PREZIDAN

Kesyon Esansyèl: Poukisa vote se responsabilite yon bon sitwayen?



Yon bon jou lendi maten, Madan Lwi, pwofesè klas twazyèm ane nan Lekòl Touden Louvèti a montre yon **afich** sou tout prezidan Etazi yo. Ema, pandan l ap gade afich la, mande tèt li: Poukisa pa genyen okenn fi nan prezidan yo? Se konsa li anonse lamenn li ta renmen prezidan. Pwofesè a decide fè yon eleksyon nan lekòl la.

«Eske pa genyen lòt moun ki ta renmen ale pou prezidan?» Madan Lwi mande.

Pèsonn pa leve men yo. Pwofesè a decide pale sa ak Madan Ipolit, yon lòt pwofesè twazyèm ane. Patrik decide bay tèt li pou prezidan nan klas Madan Ipolit la.

Lè Ema tande sa, li kòmanse panike. Patrik se yon elèv ki toujou premye nan **konpetisyon** eple mo difisil. Pwojè syans li toujou resevwa riban ble pou meyè pwojè epitou li toujou resevwa twofè kòm meyè foutbolè nan lekòl la.

Fòk mwen vini ak estrateji ki pou fè m genyen eleksyon an, Ema di tèt li. Li mennen **kanpay** anvan lekòl, pandan lekòl epitou aprè lekòl. Li mete afich nan tout lekòl la. Li ba yo sirèt ak bonbon tou.

Patrik rete kè kal paske li deja konnen li pa bezwen fè okenn kanpay pou l genyen ti eleksyon sa.

Madan Lwi bay chak elèv yo yon eta eksepte Ema ak Patrik ki pa resevwa youn.



genyen 268. Yo toulède sou tansyon.

Nelson leve pou prezante vwa pa li yo. Ema pat pèdi espwa paske li konnen li te mennen yon bon kanpay ki pou te **pèmèt** li genyen eleksyon an. Nelson, ki te reprezante Wyoming deside bay Ema 3 vwa pa li yo. Ema te kontan anpil. Li selebre ak tout klas la.

Chak eta genyen yon kantite **vwa elektoral**. Florid, pa egzanp, genyen 27. Total vwa elektoral pou tout peyi Etazini an se 538. «Moun ki premye genyen 270 vwa ap genyen eleksyon an.» Madan Lwi di.

«Poukisa se 270 vwa?» Ema mande Madan Lwi.

« Se paske 270 plis pase mwate 538.» Madan Lwi di li.

Jou eleksyon an elèv yo vote. Lè yo preske rive nan fen eleksyon an Ema genyen 267 vwa epi Patrik

Non: _____ Dat: _____

Konplete tablo daprè sa ou aprann nan istwa: Ema pou Prezidan		
Pèsonaj	Anviwonman/Andwa/ Ki kote	Pwen de vi
Ema		
Patrik		

1. Poukisa Ema te panse li pa t ap fasil pou l te genyen eleksyon an?

2. Poukisa vote se responsabilite yon bon sitwayen? (Kesyon Esansyèl)

3- Ki kèk bagay ou aprann ki pase nan yon eleksyon?
